Research Journal of Humanities and Social Sciences
Abbr. Title: Res J Human Soc Sci
ISSN(Online): 2945-3968

OPEN ACCESS

Research Article | Volume-01 | Issue-02 | 2022

# Ǵárezsizlik Dáwirinde Qaraqalpaq Radiosiniń Rawajlaniw Dinamikasi

*Sharafatdin Bawetdinov**

*Ózbekstan Mámleketlik Kórkem Óner Hám Mádeniyat Institutı Magistantı*

**Received** 10-05-2022
**Accepted** 24-05-2022
**Published** 30-05-2022

**Abstract:** Ótken jıllarǵa oy jiberer bolsaq, radiokanal turmısında tilge tiyek etkendey waqıyalar, utıslar azlı-kópli boldı. Radiomiz fonetikası biziń eń qımbat baylıǵımız bolıp onda ata miyrasımızdan baslap, biziń kompozitorlarımızdıń dóretpeleri máńgi saqlanatuǵına úlken isenim menen qaraymız.

**Keywords:** Radio, TV, Prezidentıńiń

**Copyright © 2022 The Author(s):** This work is licensed under a Creative Commons Attribution-Non Commercial 4.0 (CC BY-NC 4.0) International License.

## INTRODUCTION

Radio úlken dárejede rawajlanıwǵa eristi hám insaniyattıń ruwxıy turmısınan bekkem orın aldı. Dúnyadaǵı barlıq rawajlanǵan mámleketler óz radiokanallarına iye. Jáhánde AQShǵa qaraslı "Amerika hawazı", "Azatlıq", Angliyanıń "BBC", Germaniyanıń "Nemis tolqınları" hám basqa onlap radiostanciyalar islep turıptı. Ózbekstanda da bolsa házirgi waqıtta 5 radiostudiya iskerlik kórsetip atır. Olar arasında Ózbekstan teleradiokompaniyasına qaraslı Tashkent radiosı jetekshi orındı iyeleydi. Respublika radiosınıń esittiriwleri 4 baǵdar boyınsha alıp barıladı. 1-baǵdarda tiykarınan sociallıq-siyasıy, ekonómikalıq hám materiallıq-ruwxıy temalardaǵı esittiriwler "Ózbekstan", 2-baǵdarda jaslar ushın esittiriwler "Yoshlar", 3-baǵdarda informaciya hám muzikalıq esittiriwler "Mash'al", 4-baǵdarda bolsa orıs, qazaq, uyǵır, tatar hám qrım-tatar tillerinde esittiriwler alıp barıladı "Doslıq". Joqarıdaǵılar menen bir qatarda respublikamızda birqansha jeke, mámleketlik emes radiostanciyalar da iskerlik kórsetip atır: "Vodiy sadosi", "OriyatDono", "Ózbegim naması" hám basqalar.

Ózbekstan milliy teleradiokompaniyasınıń «Respublika teleradiorayı» mámleket shólkemi Ózbekstan Respublikası Prezidentıńiń «Ǵárezsiz teleradio kanallardı reformalaw hám rawajlandırıw ilajları haqqında»ǵı 2005-jıl 8-noyabrdegi PP-3678-san Pármanına [1] tiykar «Respublika telekórsetiw orayı», «Respublika radioesittiriw hám dawıs penen jazıw úyi», «Nókis teleradioorayı» kárxanaları negizinde shólkemlestirilgen.

«Respublika teleradioorayı» mámleketlik shólkeminiń strukturasına «Tashkent teleorayı», «Tashkent radioesittiriw úyi» hám «Nókis teleradioorayı» filialı kirgizilgen. Onıń wazıypalarına tómendegiler kiredi.

Ózbekstan teleradioshólkemlerine olardıń múlkshilik formasına qaramastan, tele, radio ónim islep shıǵarıw hám efirge tayarlaw boyınsha, sonday-aq joldas sistemalarınan, kóshpeli televidenie hám radiostanciyalardan paydalanǵan halda shártnama tiykarında texnikalıq, texnologiyalıq, servis hám basqa xızmetler kórsetiw, teleradioónim islep shıǵarıw procesine programmalardıń kórkem dárejesi hám sapası joqarı bolıwın támiyinleytuǵın zamanagóy informaciya, kompyuter hám mediatexnologiyalardı nátiyjeli ámelde qollanıw, teleradioónim islep shıǵarıwdıń materiallıq-texnikalıq bazası, quralları, uzatıw apparatları, imaratlar hám antenna imaratlarınan paydalanıw, texnikalıq xızmet kórsetiw, modernizaciyalaw hám jáne de rawajlandırıw, olardı energiya menen úzliksiz támiyinlew.

Ózbekstan Respublikası teleradioshólkemlerin teleradioónim islep shıǵarıw quralları menen támiyinlew, texnikalıq, informacion, televiziyalıq hám radioesittiriw signalların qáliplestiriw hám uzatıw. «Respublika teleradioorayı» mámleketlik shólkeminiń Nókis teleradioorayı filialınıń tiykarǵı wazıypası Qaraqalpaqstan Respublikası teleradiokompaniyasınıń kórsetiwlerin hám radioesittiriwlerin tayarlaw, suwretke alıw hám efirga uzatıwdı ámelge asırıw.

Ózbekstan Respublikası Ǵarezsizlikke eriskennen keyingi jıllarda Qaraqalpaqstan teleradiokompaniyasınıń jumıslarında da úlken ózgerisler juz berip, tereń mazmunlı hám sapalı esittiriwlerdiń tayarlanıwına úlken áhmiyet qaratıldı. Dóretiwshilik jámáátlerdiń barlıq dıqqat-

***Corresponding Author:** Sharafatdin Bawetdinov

itibarı respublikamızdıń jetiskenliklerin hám tabıslarıń radio arqalı keń túrde sáwlelendiriwge baǵdarlandı. Qaraqalpaqstan Respublikası basshıları telekórsetiwlerdiń sapasın hám kórkemlik dárejesin jaqsılawǵa qáwenderlik etti. Nokis teleorayınan evrostandart dárejesine juwap beretuǵın zamanagóy úlgidegi jańa studiya salınıp, iske tusirildi. Ózbekstan milliy teleradiokompaniyası bul jańa studiya zalın Germaniyanıń «Simens» firmasınan alıp kelingen jańa texnologiya hám ásbap-úskeneler menen támiyinledi. Sonıń menen birge, telekanaldıń jumıslarında strukturalıq ózgerisler ámelge asırıldı. Redakciyalar irilendirilip, bas redaktorlarǵa talapshańlıq hár tárepleme kúsheytildi. Barlıq redakciyalar qánigeli kadrlar menen támiyinlendi.

Qaraqalpaqstan telekanalında ayırım ilajlardıń ámelge asırılıwı hám dóretiwshilik kásip iyeleriniń úlken kúsh salıwları natiyjesinde efirdiń sapası jaqsılanıp, kórsetiwlerdiń mazmunı hám tematikası bayıp barmaqta. Qánigelerdiń óz ústińde jalıqpay islewi hám izleniwshiligi, jumısqa juwapkershilik penen qarawı jetiskenliklerge erisiwdiń tiykarı bolmaqta. Eń baslısı xalqımızdıń arzıw-ármanları, búgingi kúnniń ahmiyetli máseleleri, sheshiliwi tiyis mashqalalar telekanalda tez hám qısqa waqıtta óz sáwleleniwin tappaqta.

Elimiz ǵarezsizlikke erisken jıllardan baslap Qaraqalpaqstan radiosınıń búgingi kúni óz esittiriwleriniń sutkalıq kólemi ádewir kóbeydi. Eger 1991-jılǵa shekem radioesittiriwlerdin sutkalıq kólemi 3,5 saattı quraytugin bolsa, al 1993-jıldan baslap esittiriwlerdin sutkalıq kólemi 6,5 saatqa jetkerildi. Bul nárse radioda islep atırǵan dóretiwshilik jámáátke úlken juwapkershilik jukledi.

Qaraqalpaqstan radiosınıń dóretiwshilik jámááti Ózbekstan Respublikası birinshi prezidenti Islam Karimovtıń, Ózbekstan hukimetińiń. Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵi Keńesi menen Ministrler Keńesiniń júrgizip atırǵan siyasatın xalqımızǵa óz waqtında jetkeriw hám túsindiriw hám násiyatlaw, sonday-aq, turmısqa asırıw baǵdarında bir qatar jumıslardı iske asırıp keldi. Sonıń menen birge, reformalardı tereńlestiriw, bazar qatnasıqların tereńlestiriw, jámiyetlik máselelerdi sheshiw boyınsha qabıl etilgen nızamlardıń orınlanıwın qadaǵalap barıwdı shólkemlestiriw boyınsha esittiriwlerdi efirge berip keldi.

Qaraqalpaqstan radiosınıń keyingi jıllardaǵı jumısları ádewir jaqsı jolǵa qoyılıp, bir qatar jańa esittiriwler jolǵa qoyıldı. Máselen, radionıń «Jámiyetlil-siyasıy» redakciyası tárepinen tayarlanıp atırǵan jigirmadan aslam esittiriwlerdiń barlıǵı da búgingi kúngi máselelerge, payda bolıp atırǵan mashqalalardı sheshiw boyınsha, sonday-aq, jańadan qabıl etilip atırǵan nızamlardıń orınlanıw barısın qadaǵalaw baǵdarındaǵı esittiriwlerge dıqqat berilgen. «Qaraqalpaqstan» radiosı baǵdarlaması, «Adam hám nızam», «Salamat áwlad – milletimiz keleshegi», «Turmis táshwishleri», «Shembi tolqınlarında», «Tabiyat hám insan», hám taǵı basqa da bir qatar esittiriwler búgingi kúnniń wazıypaları, xalıqtıń kúndelikli turmısında orın alıp atırǵan ayırım mashqalalar haqqında keń sóz etiledi. Sonday-aq radionıń basqa esittiriwleri de búgingi dáwirdiń áhmiyetli máseleleri haqqında radiotıńlawshılar tárepinen kelip túsip atırǵan xatlar hám shaǵım xatlar tiykarında da esittiriwler tayarlawǵa háreket etti. Radioda diktorlar dóretiwshilikleri hám olardıń miynetleri ayrıqsha kózge túsedi.

Ǵarezsizlik dáwirlerinde islegen birqansha rejissyorlar Ulbosın Qartbaeva, Zıyada Qurbaniyazova túski esittiriwlerden «Awıl xojalıǵı» esittiriwi hám kompozitsiyalardı alıp bardı, Mırzabay Ótemisov «Tikenek» satiralıq esittiriwiniń scenarıylerin jazǵan. Qaljan Dosjanova jámiyetlik-siyasıy redakciyasınıń rejissyorı sońǵı waqıtlarda tikkeley efirlerge rejissyorlıq etti hám basqa da xalıqqa birqansha radioesittiriwler, radiospektakller hám hár túrli temadaǵı jańalıqlardı jetkerip barıwda úlken úles qostı. Qatiysha Ótewlieva saz-sawbet redakciyasınıń rejissyorı bolıp sonıń menen birge radiopostanovkalarda islegen. Aynadur Ótewliev bolsa hám dramaturg hám rejissyor jónelisinde jumis alıp barıp, sonıń menen birge teatrda «Bes qala» qazaq tili orayınıń ansabliniń tiykarshısı da bolıp esaplanadı. Ol radiodramaturgiya janrında bul ansambl menen radiokompozitsiyalar islep shıǵıp xalqımızga usınǵan. 1991-jılları redaktor bolıp jumısqa kelgen Elmurat Esemuratov radionıń kópshilik esittiriwlerine redaktorlıq qıldı. 1993-jıldan baslap rejissyor sıpatında óz esittiriwlerin islep shıqtı, yaǵnıy, dúnyada hám respublikamızda bolıp atırǵan sport jańalıqların, sportshılarımızdıń Jáhán arenalarında mámleketimiz bayraǵın kóterip atırǵanlıǵı, xalıqaralıq chempionatlarda erisip atırǵan jeńisleri haqqında xalıqqa jarıtıp berdi. 1994-1995-jıllarda radioda texnikalardan paydalanıw múmkinshiligi hám ses rejissyorlarınıń bolmaǵanı, bul jumıs penen teleoray operatorları shugıllanǵan.

Hárqanday aldın ala jazılıwı kerek bolǵan zapisler teleorayda jazılatuǵın bolǵan. Radioda magnit lentasına jazıp alıp keyin ala efirge beriletuǵın bolǵan. Bul waqıtlarda «Laplali», «Dinamik» mikrofonlardan paydalanılǵan.

Qaraqalpaqstan radiosı jaslardıń bir qatar ótinish-tileklerin esapqa alǵan halda 1999-jıldıń sentyabr ayınan baslap «Jaslar kanalı» radioesittiriwin shólkemlestirdi. Esittiriw efirge shıǵa baslaǵan waqıtlarda tuwrıdan tuwrı efirge shıqqan. Bul esittiriw Qaraqalpaqstan radiosına Ózbekstan Milliy teleradiokompaniyası tárepinen «Siemens» dawıs jazıw texnikalıq uskeneleri, atap aytqanda dawıs jazıw miksher pulti, 48 voltta islewshi kondesator mikrofonlar, dawıs jazıw programmaları ornatılǵan DELL kompyuterleri, dawıs kúsheytkishler, jáhán standartlarına juwap beretuǵın dawıs monitor (kolonka)ları menen támiyinleniwine shekem dawam etti. Házirgi kúnge kelip bul esittiriwdiń atı «Jaslar kúni» dep ózgertildi hám elege deyin tuwrıdan tuwrı esittiriwlerin dawam etiwge háreket etip kelmekte. Búgingi kúni bul esittiriw respublika jaslarınıń jaqsı kórip tıńlaytuǵın esittiriwleriniń birine aylandı. Bul esittiriw tiykarınan jaslarımızdı watan suyiwshilikke, elge, xalıqqa bolǵan tereń minnetdarlıq sezimlerinde tayarlaw menen birge, olardıń ruwxıy hám fizikalıq jaqtan salamat bolıp jetilisiwine de óz tásirin tiygizdi.

Búgingidey málimleme texnologiyalardıń tez pát penen rawajlanıp baratırǵan ásirinde kópshilik ǵalaba xabar quralları arasında radionıń ornı da ózgeshe. Xalıqtıń sana-sezimi ósti, informaciyaǵa bolǵan talabı artıp barar eken, global social tarmaq internet óziniń operativligi, jıldam waqıtta heshqanday shegara bilmesten dunyanıń qálegen mushına sanawlı sekundlar ishinde jetip barıwı menen bul tilsimli dúnya aldınǵı orınǵa shıqtı. Radio menen básekige túsip onnan ozıp ta atırǵan shıǵar. Solay bolsa da, sharshaǵanda janǵa jaǵımlı, kópten úyrenisken radionıń ele de óz tıńlarmanların joytpaǵanlıǵın bilemiz. «Radio xalqımızga ruwxıy azıq, ilhám-yosh beretuǵın biybaha qural dep oylayman. Óytkeni, ol óziniń ótken jıllar ishinde qanshadan-qansha insanlarǵa zawıq baǵıshlap, elimizdegi hátteki jáhándegi bolıp atırǵan jańalıqlardı xalqımızǵa óz waqtında jetkerip kelmekte. Ele esimde, daslepki jılları awıllarda baǵanalar basında turgan qalpaqlı radiolardı jurtlar jıynalısıp háwes penen qosıqlardı, jańalıqlardi tıńlaytugin edi. Jıllar ótti. Búgingi kúni texnikaniń jetiskenligi nátiyjesinde, jolda ketip baratirsań da, alıs-alıs jaylarda bolsań da dunya jańalıqların sol máhálde radio arqalı esiteseń» [2] - dep pikir bildiredi Qaraqalpaqstan xalıq shayırı Keńesbay Raxmanov. Adamlarda tańlaw múmkinshiligi tolıq jeterli, hátteki artıqshada. Dáwir sınaǵına tússe de óziniń aldina qoyǵan baslı maqseti jolinda miynat atqarıp kiyatırǵan mamleketlik radiolardıń dóretiwshilik jámáátleri atirapqa názer salıp, bunday dabıl jolda at súrip kiyatir. Ilgeri tek sanawlı radiokanallar ǵana háreket etip, oni qáleseńde, qálemeseńde tanlaw mumkinshiligi shegaralanganlıǵınan májburiy esitetuǵın waqıtlar ótti. Al házir bolsa, radiokanallar kóp. Radio tıńlarmanlardıń talǵamı hám talapları sonshelli kúsheygenlikten, imkaniyatı júdá joqarı, jaqsı rawajlanǵan radiokanallardı esitip, biri-birin salıstıradı, birine min taǵadı, qálegenin tańlaydı. Sır emes, óz jumısın jaqında ǵana baslaǵan ayırım jeke menshik túrindegi radiokanallar da ilgeri bar bolǵan kanallardan da aldıǵa shıǵıp aldı.

Demek, básekige túsken táreplerdiń qaysı biriniń basım bolıp baratırǵanın xalıq ádil baha beredi. Solay eken, usınday básekilerden izirek qalsa da, bul dańqlı-dańǵıl jollardan qalayda ótip kiyatir. Bunnan kóp jıllar aldınǵı hám hazirgi kúnge shekemgi ótken waqıt aralıǵında Qaraqalpaqstan radiosınıń dóretiwshilik jámááti de óz imkaniyatlarınan kelip shıǵıp, xalqımızǵa ruwxıy azıq beriwshi óziniń radioónimlerin usınıp kelmekte. Ótken jıllarǵa oy jiberer bolsaq, radiokanal turmısında tilge tiyek etkendey waqıyalar, utıslar azlı-kópli boldı. Radiomiz fonetikası biziń eń qımbat baylıǵımiz bolıp onda ata miyrasımızdan baslap, biziń kompozitorlarımızdıń dóretpeleri máńgi saqlanatuǵına úlken isenim menen qaraymız. Ilgeri aldın ala jazıp alınıp radioónimdi qayta montajlap, texnikalıq jaqtan jaramlılıǵı kózden ótkerilgennen soń efirge jaylastırılıp kelingen bolsa, endi házir tikkeley janlı tárizde tuwrıdan tuwrı beriletuǵın radioesittiriwler efirge berilip atır. Jıllar ótti, dáwirler ózgerdi, búgingi kúnde olardıń bári ertektey. Házirgi waqıtta radiotelejurnalistlerimiz turmısında da jańalaniwlar juz berdi. Olar zamanagóy texnikalar menen támiyinlengen. Hátteki respublikamizdaǵı ǵana emes, dunyanıń qálegen múyeshindegi waqıyalardı, hádiyselerdi qas-qaǵımda xalıqqa jetkeriw mumkinshiligine iye. Radiojurnalistler óz bilimlerin bayıtıwı menen birge radiotıńlawshılarımızdıń kewil sarayınan orın alǵanday birqansha esittiriwlerdi shólkemlestirip atır. Taǵı bir áhmiyetli nárse, ses rejissyorları házirgi zaman radiokanallarınıń bay is-tájiriybeleri menen aldınǵı is usılların jetik iyelewi, ózleri hám kommentator, hám rejissyor bolıwı, esittiriw hám

radiopostanovkalardı islewde texnika quralların jaqsı meńgeriwi talap etiledi.

## REFERENCES

1. https://lex.uz/docs/-902646
2. Seniń, A. J. H. (2002). "*Bilim*" baspası. 18-bet.